



Pou Piblikasyon Imedya: 18/03/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AK MANM KONGRÈ TONKO ANONSE PLIS KE 270 MILYON DOLA NAN FINANSMAN POU KONSTWI AK PREZÈVE PLIS PASE 1,800 KAY ABÒDAB NAN NOUYÒK

Finansman pral sipòte konstriksyon ak prezèvasyon 28 devlopman lojman abòdab nan tout eta a ki bay sèvis sipò ak avanse inisyativ devlopman ekonomik lokal yo

Gouvènè a sipòte lejislasyon an nan Washington pou elaji Kredi Enpo sou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba pou kreye plis lojman

Bati sou angajman Gouvènè Hochul pou abòde kriz lojman Nouyòk la nan ogmante apwovizyonman lojman an; plan 5 ane pou konstwi oswa prezève 100,000 inite abòdab nan tout eta a kontinye anvan dat yo te prevwa

Gouvènè Kathy Hochul ak Reprezantan Paul Tonko te anonse jodi a ke yo te akòde plis pase 270 milyon dola atravè Kredi Enpo sou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba (Low-Income Housing Tax Credit, LIHTC) ak sibvansyon pou kreye oswa prezève plis pase 1,800 kay abòdab, ki bay sipò, ak dirab nan 28 devlopman separe atravè Eta Nouyòk. Pwojè yo akòde yo pral elaji oswa pwoteje apwovizyonman lojman nan chak rejyon, amelyore ak modènize lojman piblik, avanse inisyativ devlopman ekonomik lokal yo, epi enkli karakteristik efikasite enèji k ap avanse objektif klimatik Eta a yo. Finansman an fè pati Plan Lojman 25 milya dola sou senkan Gouvènè Hochul la, ki sou wout pou kreye oswa prezève 100,000 lojman abòdab nan tout eta a.

"Rezoud kriz lojman Nouyòk la se yon estrateji senp: bati plis lojman", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Resous federal enpòtan sa yo fè li posib pou nou bay Nouyòkè yo nouvo opòtinite pou jwenn aksè ak kay abòdab, modèn, dirab ki bay aksè ak gadri, sèvis sipò, ak ekipman ke moun ak fanmi yo bezwen pou yo pwospere tou."

Pwogram Kredi Enpo sou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba (LIHTC) federal la se yon zouti pwisan pou ankouraje kreyasyon lojman epi adrese yon kriz ki afekte moun tout laj ak tout faz nan lavi atravè Nouyòk. Se poutèt sa Gouvènè Hochul sipòte lejislasyon nan Washington pou elaji pwogram nan epi rann li pi efikas toujou. Lwa pou Amelyorasyon Kredi Lojman Abòdab la pral potansyèlman ogmante alokasyon pou finanse devlopman

de milyon nouvo inite abòdab nan nivo nasyonal pandan dizan ak plis pase 100,000 inite nan Eta Nouyòk.

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Si nou vle rezoud mank kay istorik nou an, nou dwe investi nan lojman abòdab — se poutèt sa mwen fyè pou sipòte LIHTC ak lòt pwogram enpòtan ki ede nou abòde kriz lojman an. Sipòte lojman abòdab, dirab benefisye tout moun nan kominote nou yo. Nan yon moman kote plizyè milyon moun ap lite pou yo peye bon jan kalite lojman, nou dwe kontinye mennen envèstisman entelijan tankou sa yo ki sèvi fanmi yo atravè Eta Nouyòk."

Senatè Eta Patricia Fahy, te deklare, "Eta Nouyòk ak Rejyon Kapital la ap fè fas ak yon kriz lojman ki mande aksyon inovan ak solid. Ak plis pase mwatye nan lokatè nan tout eta a konsidere kòm akable akk pri yo ak yon mank kay abòdab, moman an rive kounye a pou bati plis rezèv lojman epi bese pri pou fanmi yo. Angajman jodi a ki gen plis pase 270 milyon dola pou kreye ak prezève 1,800 kay abòdab se yon gwo etap nan direksyon pou abòde kriz lojman Nouyòk la. Devlopman sa yo pral bay lojman abòdab ak sipò ki nesèsè anpil epi kreye travay pandan y ap avanse objektif klima anbisye Nouyòk yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li kontinye elaji opòtinite lojman pou tout Nouyòkè yo epi li abòde kriz lojman an yon fason agresif."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk (New York State Homes and Community Renewal, HCR) la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Tou senpleman, kreye ak prezève 1,800 kay se yon gwo envestisman ki pral dirèkteman konbat mank lojman ak kriz pri abòdabilite rezidan yo nan chak rejyon nan eta a. Lè nou angaje plis pase 270 milyon dola nan 28 devlopman sa yo, n ap ede kominote yo bay kay ki abòdab, ki bay sipò, ki efikas an enèji ki nesèsè pou satisfè bezwen Nouyòkè yo pou jenerasyon k ap vini yo. Sa posib gras ak resous federal enpòtan HCR konte sou yo pou kreye ak prezève opòtinite lojman pou tout Nouyòkè yo. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou konsantrasyon kontinyèl li sou ogmante rezèv lojman ak sipòte efò devlopman ekonomik lokal atravè Eta a."

Se Biwo Renovasyon Kay ak Kominote (HCR) Eta Nouyòk ki bay finansman pou pwojè yo, ki te bay 61 milyon dola nan Kredi Enpo sou Lojman pou Moun ki gen Revni Ba nan nivo Eta a ak Federal ak plis pase 200 milyon dola nan sibvansyon pou sipòte 28 pwojè yo. Lè li makonnen avèk finansman ak resous prive adisyonèl, pwojè k ap resevwa finansman yo prevwa kreye plis pase 1 milya dola nan envestisman jeneral.

Tout pwojè yo akòde yo satisfè nòm dirabilite HCR yo, ki ankouraje anviwònman pou viv ki pi an sante epi sipòte objektif ki etabli nan Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) Eta Nouyòk la. Plizyè pwojè yo akòde yo pral resevwa finansman ki soti nan inisyativ Enèji Pwòp (Clean Energy Initiative) la, yon patenarya ak HCR ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk la (New York State Energy Research ak Development Authority, NYSERDA), pou reyalize nivo pi wo toujou nan dirabilite ak rediksyon kabòn.

Anplis de sa, chak devlopman yo akòde yo ofri sèvis entènèt wo debi gratis pou rezidan yo, ki baze sou inisyativ ConnectALL Gouvènè a, ki te fè investisman istorik pou bay entènèt gwo vitès nan kominote defavorize yo epi konble eka dijital pou Nouyòkè ki gen mwens revni yo.

Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare, "Nan yon moman kote nonm ki pi rich nan mond lan ap atake rezo lojman abòdab nasyon an, Eta Nouyòk pran bagay yo an men. Li enpòtan pou nou investi tout santim posib nan kreyasyon ak prezèvasyon estòk lojman sipò nou an, sitou lè nou konsidere boulvèsman ki fèt nan nivo federal la. Lè yo konstwi ak prezève plis pase 1,800 inite abòdab, plizyè milye Nouyòkè ki sanzabri oswa ki pa gen sekirite lojman pral kounye a gen yon kote ki an sekirite epi ki estab pou yo rele lakay yo. Li satisfèzan pou wè Gouvènè Hochul k ap adrese mank lojman eta a epi mwen bat bravo pou Manm Kongrè Tonko paske li te ede sekirize lajan sa yo ki nesesè anpil nan nivo federal. Mwen pa ka tann pou m travay ansanm ak li ak kòlèg mwen yo pou m pase yon bidjè ki priyorize bezwen rezidan ki pi vilnerab Nouyòk yo."

Manm asanble Gabriella Romero te deklare, "Finansman sa a pral kontribye anpil nan agrandi lojman abòdab nan Nouyòk. Ogmante kantite kay ki dirab, aksesib ki gen ladan sèvis sipò enpòtan anpil ak entènèt wo debi gratis pral ede plis fanmi anrasinen ak pwospere nan kominote nou yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè a pou angajman kontinyèl li pou lojman abòdab nan eta nou an."

Pwogram yo rekonpanse yo gen ladan:

Rejyon Kapital

- **9.5 milyon dola pou Mill Street Lofts nan vil Hudson, Konte Columbia:** Yon fèk konstwi devlopman enfrastrikti ki gen 70 inite pou revni miks sou tè vil la posede.

NY Santral

- **10.1 milyon dola pou Van Buren Apartments nan vil Van Buren, Konte Onondaga:** Yon devlopman lojman abòdab ki fèk konstwi, ki gen 70 inite nan yon zòn ki gen anpil resous ki gen ladann 14 apatman ak sèvis sipò pou veteran ki sanzabri yo.
- **6.5 milyon dola pou La Madre Landing nan vilaj Baldwinsville, Konte Onondaga:** Yon devlopman ki fèk konstwi ki gen 52 inite abòdab, ki gen ladan uit inite ak sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo.
- **7.8 milyon dola pou River Street Senior Apartments nan vil Cortland, Konte Cortland:** Yon devlopman ki fèk konstwi ki gen 53 inite pou granmoun aje ki gen laj 62 zan oswa plis, gen ladan 12 inite ak sèvis sipò pou rezidan k ap lite ak sitiasyon sanzabri.

Finger Lakes

- **2.6 milyon dola pou Redevlopman Creekside Clearing nan vilaj Livonia, Konte Livingston:** Redevlopman ak ekspansyon yon pwopriyete ki egziste deja ki gen 32 inite ke HCR reglemante te konstwi orijinalman an 2005. Yo pral kreye yon lòt 16 inite, pou yon total de 48 inite. Li gen ladann finansman HCR ak Inisyativ Enèji Pwòp NYSERDA.
- **6.2 milyon dola pou Fine Arts Building Lofts nan vil Rochester, Konte Monroe:** Re-itylizasyon adaptif ansyen Hotel Cadillac pou kreye yon pwojè lojman pou itilizasyon miks ak sèvis sipò ki gen 42 inite pou revni miks. Trèz inite yo pral genyen sèvis sipò pou jèn adilt ki sanzabri yo. Devlopman an ap resevwa finansman nan men HCR ak Inisyativ Enèji Pwòp NYSERDA.
- **10.1 milyon dola pou Fernwood Avenue Apartments nan vil Rochester, Konte Monroe:** Yon devlopman lojman abòdab ak sèvis sipò ki fèk konstwi ki gen 65 inite ki gen ladan 17 inite ak sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo. Devlopman an pral genyen yon nouvo branch 7,432 mètr kare (80,000 pye kare) nan Bibliyotèk Piblik Rochester.

Long Island

- **8.9 milyon dola pou Port Jefferson Commons nan vilaj Port Jefferson, Konte Suffolk:** Yon devlopman lojman mendèv 53 inite ki akse sou transpò piblik ak pou itilizasyon miks ki sitiye nan distans yon katye ak estasyon Port Jefferson Wout Ray Long Island lan. Devlopman an, ke Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Long Island idantifye kòm yon pwojè priyòritè, gen ladan inite sipò ak espas komèsyal an vitrin.
- **15 milyon dola pou One Carleton Green nan vilaj Central Islip, Konte Suffolk:** Yon devlopman lojman ki gen 96 inite pou itilizasyon miks ak revni miks ki gen 15 inite ak sèvis sipò pou rezidan vilnerab yo, ansanm ak espas komèsyal an vitrin.

Mid-Hudson

- **8.1 milyon dola pou Franklin Towers nan vilaj Tarrytown, Konte Westchester:** Konsèvasyon devlopman lojman piblik aje Franklin Towers ki gen 81 inite. Pwojè a sitiye nan 0,8 km (0,5 mil) ak estasyon tren Metro North ak arè otobis Bee-Line Konte Westchester a epi li ap resevwa finansman nan men HCR ak Inisyativ Enèji Pwòp NYSERDA a.
- **12.1 milyon dola pou 30 West nan vil Haverstraw, Konte Rockland:** Yon devlopman lojman abòdab ak sipò ki fèk konstwi ki gen 81 inite yo ap konstwi sou yon pakin minisipal ki pa itilize ase. Gen 20 inite ak sèvis sipò pou fanmi ki sanzabri.
- **18.1 milyon dola pou Waltemade Residence nan vil Mount Vernon, Konte Westchester:** Reitylizasyon adaptatif yon etablisman swen enfimye ki vid pou kreye yon devlopman ki gen 102 inite pou granmoun aje ki gen 62 zan oswa plis. Gen 30 inite ak sèvis sipò pou granmoun aje k ap fè fas ak stiyasyon sanzabri

Mohawk Valley

- **11.4 milyon dola pou Utica AMP 1 nan vil Utica, Konte Oneida:** De bilding nan devlopman ND Peters k ap bay 28 inite ki te bati nan ane 1960 yo, ak yon bilding depo tou pre a, pral demoli pou fè plas pou yon nouvo bilding 71 inite ak twa etaj abòdab pou plizyè fanmi.
- **12.1 milyon dola pou Deerfield Apartments nan vil Deerfield, Konte Oneida:** Yon devlopman lojman mendèv pou itilizasyon miks ki fèk konstwi ki gen 65 inite nan yon zòn ki gen anpil resous. Gen ladan espas komèsyal ki fèt pou yon etablisman gadri.
- **9 milyon dola pou Lofts At Littauer Park nan vil Gloversville, Konte Fulton:** Nouvo konstriksyon yon evlopman pou itilizasyon miks ki gen 73 inite. Gen sèt inite rezève pou veteran ki fè eksperyans sanzabri.

Vil Nouyòk

- **13.9 milyon dola pou Van Cortlandt Ave Apartments nan Bronx:** Nouvo konstriksyon yon devlopman lojman abòdab ak sipò ki gen 12 etaj ak 78 inite. Gen 47 inite ak sèvis sipò pou popilasyon ki sanzabri ak vilnerab yo.
- **15.4 milyon pou Hillside Avenue Apartments nan Queens:** Yon devlopman lojman ki bay sipò ki gen 92 inite pou itilizasyon miks, abòdab ki fèk konstwi ak yon klinik sante mantal pou pasyan ekstèn ki gen lisans Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health) Eta Nouyòk. Gen 56 inite ak sèvis sipò pou popilasyon ki sanzabri ak vilnerab yo.
- **9.9 milyon dola pou Bartlett Crossing nan Brooklyn:** Nouvo konstriksyon yon devlopman 78 inite, de bilding, ak itilizasyon miks sou de teren vid ke Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman (Housing Preservation and Development, HPD) Vil Nouyòk posede. Gen ladan 110 mètr kare (1,200 pye kare) espas pou vann an detay.
- **14.6 milyon pou HOGAR Eagle Gardens nan Bronx:** Nouvo konstriksyon yon devlopman lojman abòdab ak sipò 83 inite nan katye Morrisania. Gen 50 inite ak sibvansyon pou moun ki fè eksperyans sanzabri.

North Country

- **5 milyon dola pou Lewis ak Lowville Apartments nan vilaj Lowville, Konte Lewis:** Konsèvasyon ak reyabilitasyon modere kat bilding apatman adjasan ki okipe yo ki genyen ansanm 40 inite abòdab. Li gen ladann finansman HCR ak Inisyativ Enèji Pwòp NYSERDA.
- **8.6 milyon dola pou General Martin Apartments nan vil Martinsburg, Konte Lewis:** Reutilizasyon adaptatif yon ansyen lekòl primè ak nouvo konstriksyon yon bilding adjasan pou kreye 63 apatman abòdab.

Southern Tier

- **7.1 milyon dola pou Meadow on Seneca nan vil Ithaca, Konte Tompkins:** Nouvo konstriksyon yon devlopman 70 inite pou revni miks ki gen ladan 35 inite ak sèvis sipò pou popilasyon ki sanzabri ak vilnerab yo.

- **6.3 milyon dola pou Pwojè Revitalizasyon Gateway la nan vil Binghamton, Konte Broome:** Reyabilitasyon sibstansyèl 15 inite nan sèt bilding ki egziste deja ak nouvo konstriksyon bilding pou itilizasyon miks ki gen 23 inite rezidansyèl ak de espas komèsyal. Devlopman an ap resevwa finansman nan men HCR ak Inisyativ Enèji Pwòp NYSERDA.
- **3.7 milyon dola pou Freese Road Apartments nan vil Dryden, Konte Tompkins:** Nouvo konstriksyon yon devlopman 53 inite pou revni miks ki abòdab ak sèvis sipò sou tèren vid. Freese Road pral pre yon gwo liy otobis ak aksè fasil ak sant vil Ithaca ak ekipman yo.

Western NY

- **11.1 milyon dola pou Homesteads nan Dunkirk Landing nan vil Dunkirk, Konte Chautauqua:** Demolisyon de bilding komèsyal ki te kraze ak nouvo konstriksyon yon devlopman 78 inite pou revni miks, itilizasyon miks ak sèvis sipò. Gen 16 inite ak sèvis sipò pou veteran andikape ak espas komèsyal ki fèt pou yon etablisman gadri.
- **6.2 milyon dola pou St. Paul's Apartments II nan vil Evans, Konte Erie:** Nouvo konstriksyon yon devlopman 53 inite pou granmoun aje ki gen laj 55 an oswa plis sou tèren vid, ki gen ladan 16 inite ak sèvis sipò.
- **7.3 milyon dola pou Hillview Commons nan vil Tonawanda, Konte Erie:** Yon devlopman ki fèk konstwi ki gen 52 inite pou granmoun aje ki gen laj 55 an oswa plis ki pral ranplase Building Jacob J. Guzzetta Senior Citizens ki demode yo.
- **10.9 milyon pou Lekòl 44 sou Broadway nan vil Buffalo, Konte Erie:** Konsèvasyon ak reutilizasyon adaptatif yon lekòl piblik istorik vid pou kreye 65 inite, ansanm ak devlopman 12 kay an ranje ki gen twa chanm, pou yon total 77 nouvo inite abòdab. Gen 39 apatman rezève pou fanmi ki sanzabri ak vilnerab yo.

Agenda Lojman Gouvènè Hochul la.

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi fasil pou tout Nouyòkè yo. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 la, Gouvènè a te jwenn yon akò enpòtan pou ogmante rezèv lojman Nouyòk la atravè nouvo ankourajman taks pou kominote nan Nò Eta yo, nouvo ankourajman ak soulajman ki soti nan kèk restriksyon Eta enpoze pou kreye plis lojman nan Vil Nouyòk, yon fon kapital 500 milyon dola pou konstwi 15,000 nouvo kay sou pwopriyete eta a, yon lòt 600 milyon dola nan finansman pou sipòte yon varyete devlopman lojman nan tout eta a ak nouvo pwoteksyon pou lokatè pwopriyete yo.

Anplis de sa — nan kad Bidjè Ane Fiskal 2023 Adopte a — Gouvènè a te anonse yon Plan Lojman senkan, 25 milya dola pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a, ki gen ladan 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay. Yo te kreye oswa konsève plis pase 55,000 kay jiska dat.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)